Жайна хIоттийнарг – Хьусайн Аль-Iавайиса
Гочдинарг – Алиев Бексолтин Ахьмад

Рецензенташ – Эдихаджиев Мохьмад-Эми,
Магамедов Сулиман

# КОШАН IАЗАПАШ А, НИIМАТАШ А

Гуьмсе 2019

**Могильные муки и блага.** 2019. – 56 с.
Составитель – Хусайн Аль-Авайиса.
Переводчик – Алиев Ахмед Бексултанович

# БисмиллахIиррохьманиррохьим

## *Дешхьалхе*

Хастам бу АллахIна. Цунна хастам бо вай, Цуьнгара гIо а лоху вай, Цуьнга гечдар а доьху вай. АллахIца вайн догIмийн вуочу гIиллакхех, вай еш йолчу вуочу Iамалех а ларло вай.

АллахIа ша нисвинарг тило да ма вац, Цо тилийнарг нисван да ма вац. Ас тоьшалла до, Ша Цхьаъ волу, Шеца накъост а воцуш волу АллахI воцург кхин дела вац аьлла. Ас юха а тоьшалла до, Мухьаммад - Цуьнан лай, Цуьнан Элча а ву аьлла.

ХIай бусалба вежарий, йижарий! Дала сан аьтто бира, шена чохь Iесачу нахана кошахь хир долу Iазап а, дикачу нахана кечдина ниIматаш а дуьйцуш долу хIара жайна яздарехь. Ийманан рукнанаш а, кошахь хиндолу дахар а, жоьжахатин Iазап а, ялсаманин ниIматаш а довзаро, цунах тешаро а адамийн дегнаш а, гIиллакхаш а нисдо. Цунах доьзна ду бусалба юкъараллин а, дерриг умматан а дахар ирсе хилар.

Вайна массарна хууш ду, адам дакъазадоккхуш, нехан юкъаметтигаш талхош а долу хIума – шаьш дикачу хIуманна тIехь сутара деш, вуочух шайн догдоккхуш а болу белхаш царна ца бовзар ду. Царах коьртачех бу – Делах тешар, нахана юкъахь а, ша цхьалха волуш а Делах кхоьруш и хилар; Цуьнан маликех тешар а; кошан дахарх тешар а, оцу чохь хиндолу Iазап а, ниIматаш а бакъдеш хилар; ялсамани, жоьжахати

хиларх тешар а, уьш санна кхидолчу теша везачух тешар а.

Бусалба стаг, ша дош алале (цхьа болх бале хьалха), и дустуш хуьлу шегарчу иййманца, Делах кхерарца ша доьзна долчу. Бакъду, иза оцу хьоле ма ца вуьгу, цо шен Iамал тояро бен.

Шегара Дела реза воцу хIума даьлча, цо дагадоуьйту, шен мачийн лаламел а жоьжахатин Iазап а, кошан Iазап а шена гергахь хилар. И дерриг шена хиъча, цуьнан коьрта Iалашо хуьлу – Деле шена гечдар дехар а, тоба а дина, Цуьнга верзар а (ша летийначу къиношна дохковаьлла а волуш).

Сан баркалла ду, хIара жайна яздеш суна гIодинчарна, хIара зорбане доккхуш дакъалаьцначарна а. Веза-Сийлахьчу Деле ас доьху, хIара къахьегар йоле диллар, Цо соьгара иза къобалдар, Цо со а, сан берриге бусалба вежарий, йижарий а кошан а, жоьжахатин а Iазапах Iалашбар а. Ас Цуьнга тхайна доьху ялсаманехь а, кошахь а долу ниIматаш, дуьненахь а, эхартахь а тхаьш маьрша дитар а, баккъалла а, Иза – массо хIуман тIехь ницкъкхочург ву.

## Са схьаэцале хуьлуш дерг

**1 – Веза-Сийлахьчу Дала юх-юха хьахийна бусалба стеган са схьаэцарх лаьцна.** Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, Веза-Сийлахьчу АллахIа аьлла: «Сан велина новкъарло йиначунна дуьхьал тIом дIахьебо Аса; Сан лай Аса шена фарз дина долчу хIуманца Суна гергаварал Суна дукхадезаш цхьа хIума а ма дац. Иштта Сан лай суннат Iамалшца Суна гергавогIуш ма лаьтта, ша Суна дукхавеззалц. Ткъа Суна иза дукхавезча, цуьнан лергийн хазар лардеш хуьлу Со, цуьнан бIаьрса а лардеш хуьлу Со, цо кховдош долу куьг а лардеш хуьлу Со, цо боккху ког а ларбеш хуьлу Со; цо Сайга дехча, цунна лур долуш ма ву Со; цо Соьга ша Iалашвар дехахь, иза Iалашвийр волуш а ма ву Со».** *Бухари.*

**2 – Са дIадала герга деача, шайтIа гуонах далар.** ШайтIа сутара хуьлу адам даларна гергадахча; цунна гуонах долий, адаман чаккхе дакъазадаларца а, Iесаллица а хиларе догдохуш хуьлу шайтIа, кхечу бисинчу белхашкахь адамна новкъарло ярна тIехь ша сутара хиларе терра. Оцунна билггала долу делил ду Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцинарг, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, шайтIа догIу аш дечу массо а хIуманна герга, и гергадогIу шух цхьаъ яахIума**

**юуш волчу хенахь цхьаьна. Шух цхьаьннан кхачанан дакъа охьадоьжча, цо и схьаоьцийла, цо и дIацIандойла цунна хиллачу цатам бечу хIуманах. Цул тIаьхьа цо и даийла, цо и ма дуьтийла шайтIанна. Ша ваьлча, шен пIелгаш цIуддойла цо, баккъалла, цунна ца хаьа, муьлхачу кхачанехь ду беркат».** *Муслим.*

*ШолгІа дакъа*

## Валар тІедеача

**1 – Керста стага, шена тІе валар деача, ша дуьнен чу вухаверзор доьху.** Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Царах** (цатешачарах) **цхьанна тІе валар деача, цо эр ду: «ХІай сан Дела, со вухаверзавехьа** (дуьнен чу). **Айса ца еш йитина йолу дика Іамал ян тарлора ас». ХІан-хІа! И дош ду цо** (цатешачу стага) **олуш долу. Царна тІехьахь дуьхьало ю, уьш юхаденбийр болчу дийне кхаччалц».** *«Аль-Муъминун», 99-100.*

**2 – Валаран къахьо.** Іаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ла́ ила́хІа иллалло́хІу, баккъалла а, валарехь къахьо ю».** *Бухари.*

**3 – Валар тІедеача, керста стеган ийман къобал дийр дац.** Ибн Іаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Дала ПирІун хина буха вохуьйтучу хенахь, ПирІуна элира: «Со теша-кх, Бану-Исраилаш тешаш верг бен кхин Дела цахиларх».** Джабраила (Делера салам хуьлийла цунна) элира: **«ХІай Мухьаммад, хьуна со гинехьара, цуьнга къинхетам кхачарна кхийрина, цу хІорда чуьра Іаьржа поппар схьа а эцна, аса иза цуьнан бага буьллуш** *(тамашийна болх гур бара хьуна, бохучу маьІнехь)». Тирмизи.*

**4 – Саоьцу малик** (лай валале хьалха) **цуьнан коьрте догIий охьахуу.**

**5 – Саоьцучу малико бусалба стаге кхаъ боккху, Дала хьуна гечдина, Дела хьуна реза хилла, олий. Керста стаге цо кхаъ боккху, Дела хьуна оьгIазвахана, Дала хьо Шен къинхетамах генаваьккхина, олий.**

## Са дІаэцначул тІаьхьа хуьлуш дерг

**1 – Бусалба стеган са атта арадолу, керста стагана** (и са хала арадаларца) **Іазап ло.**

**2 – Бусалба стеган са арадолу, шех уггар хазачу миск-ІатІаран хьожа йогІуш; керста стеган са арадолу, уггар боьхачу хІуманан хьожа йогІуш.**

**3 – Бусалба стеган са арадолу, иза Далла хастам беш а волуш.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Баккъалла а, бусалба стеган са шен дегІера арадолу, иза Далла хастам беш а волуш».** *БайхІакъи.*

**4 – Са дІаоьцуш, бІаьргаш тІаьхьахьовсу.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Баккъалла а, са дІаэцча, бІаьргаш цунна тІаьхьахьовсу».** *Муслим.*

**5 – Маликаша бусалба стеган са хьалахьуш, массо а стигланашкахь пурба доьху, цхьана стиглара вукхунна тІе мосазза кхочу, цунна уьш ерриге а дІа а йоьллу.**

**6 – Керста стагана стигланийн неІарш дІайоьллур яц.**

**7 – Веза-Сийлахьчу Дала омра до, бусалба сте-**

**ган са латта тӀе духадерзаде, олий, цуьнан Ӏамалийн тептар Ӏиллийюн** (декъалхилла синош яздо меттиг) **олучу меттехь дӀаяздинчул тӀаьхьа.**

**8 – Керста стеган са стиглара, ласттадой, цуьнан дегӀа чу охьакхуссу, Сижжин** (дакъазаделлла синош яздо меттиг) **олучу меттехь цуьнан Ӏамалийн тептар дӀаяздинчул тӀаьхьа.**

**9 – Велла стаг дӀавуллучу хенахь цуьнан коша уллохь дика нах охьаховшу** (велларг цхьалха ца витаран дуьхьа) **– эмкална урс а хьаькхна, цуьнан жижиг декъа оьшучу хенан барамехь.** Ӏасан кӀантах Ӏамрах (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, цо элира, аьлла: **«Аша со дӀавоьллича, сан коша уллохь совцалаш – эмкална урс хьаькхна, цуьнан жижиг декъа оьшучу хенан барамехь – шу бахьанехь ас сайн са а тедеш, сайна Дала бахкийтинчу геланчийн хеттаршна ас жоьпаш муха ло со хьажархьама».** *Муслим.*

**10 – Кошахь тӀеттӀаӀовдарх хьалхавер вац цхьа а.** Ибн Ӏаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Кошахь тӀеттӀаӀовдарх хьалхавер волуш цхьа стаг хилча, цунах хьалхавер ма вара МуӀазан кӀант СаӀд. Баккъалла а, иза тӀеттӀаӀаьвдира, цул тӀаьхьа паргӀат а ваьккхира».** *ТӀабарани.*

**11 – Беллачарна шайн кешнаш чохь кхетамаш**

**бухало.** Іумаран кІанта ІабдуллахІа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьахийра кошахь зерах лаьцна, аьлла. Іумара (Дела реза хуьлийла цунна) хаьттира тІаккха: **«ХІай Делан Элча, тхуна бухалур бу ткъа тхешан кхетам?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ХІаъ, лур бу, тахана хьоьгахь ма-хиллара».** *Ахьмад.*

**12 – Ша витина дІагІуш болчу шен накъостийн мачийн тата хеза веллачунна.**

**13 – Веллачуьнга барт хотту, иза дІа ма-воьлли.** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шаьш стаг дІавоьллина девлча, цунна тІе а хІуттий, олура: **«Аш гечдар деха шайн вешина, цунна нийса жоп даларехь сацар деха, баккъалла а, цуьнга хІинцца барт хоттуш бу».** *Абу Давуд.*

**14 – Бартхатта ши малик догІу.** Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Велла стаг дІавоьллича, цунна тІе ши малик догІу, Іаьржа а, сийна а долуш. Цаьршиннах цхьаъ - шех Мункар олуш ду, важа - Накир олуш ду. Цаьршимма олу: «Ахь хІун олу хІокху стагах** (Пайхамарх) **лаьцна?» Веллачо эр ду, ша дуьнен чохь олуш хилларг: «Иза Делан лай ву, Цуьнан Элча а ву. Ас тоьшалла до, АллахІ воцург кхин дела вац аьлла, Мухьаммад - Цуьнан лай а, Цуьнан Элча а ву аьлла». Цаьршимма эр ду: «Баккъалла а, тхуна хаьара, ахьа эр дерг…»** *Тирмизи.*

**15 – Веза-Сийлахьчу Дала бусалба нах кошахь нийса дош аларехь чIагIбо.** Бухарис далийначу хьадисехь деана, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Бусалба стаг шен кошахь охьахаийча, ши малик догIу. Цул тIаьхьа цо тоьшалла до, АллахI воцург кхин дела вац аьлла, Мухьаммад АллахIан Элча ву аьлла а. Иза ду-кх Делан дош: «Ийман диллинарш Дала чIагIбо нийса дош аларехь дуьненан дахарехь а, эхартахь а».** *«ИбрахIим», 27.*

**16 – Бусалба стага жоп ло, керста стаг холчухIутту.**

**17 – Дика стаг шега барт хаттале шен кошахь хиъна Iа, кхера а ца кхоьруш, амма вуон стаг шен кошахь Iа, догъэтIаш, кхера а кхоьруш. Iаишата** (Дела реза хуьлийла цунна) **дийцина: «Цхьа жуьгтийн зуда еара сан неIаре, яахIума йоьхуш. Цо элира: «Суна хIума яаяйша. Дала лардойла шу Дажалца зерах а, кошан Iазап даларца зерах а». Ас иза дIа ма ца яхийтира, Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **схьаваллалц, тIаккха ас элира: «ХIай Делан Элча, хIокху жуьгтийн зудчо хIун боху?» Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **элира: «ХIун боху цо?» Ас элира: «Цо боху: «Дала лардойла шу Дажалца зерах а, кошан Iазап даларца зерах а». Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **хьалагIаьттира, цо шен ши куьг айбира, даржош, Деле ша Дажалца зерах а, кошан Iазап даларца зерах а ларвар доь-**

**хуш, юха Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **элира: «Амма Дажалца зер… цхьа а пайхамар ма ца хилла шен умматна цуьнца кхерам луш а бен, аса шуьга дуьйцу цхьана а пайхамара шен уммате цунах лаьцна ца дийцинарг; Дажал ву, цхьа бІаьрг болуш, баккъалла а, АллахІ цхьа бІаьрг болуш Вац. Оцу Дажалан хьаьжа тІехь яздина хир ду кафир** (керсталла динарг) **аьлла, хІора бусалба стага деша а доьшуш.**

**Амма кошахь зер… со бахьанехь зуьйр бу, сох лаьцна хеттарш дийр ду. Нагахь иза дика стаг велахь, и шен кошахь охьахаор ву, кхерам а боцуш, я сагатдар а доцуш. ТІаккха цуьнга хоттур ду: «Бусалба динах лаьцна хІун олу ахь?» Юха цуьнга хоттур ду: «Шуьга ваийтина стаг мила вара?» Цо жоп лур ду: «Мухьаммад вара, Делан Элча волу, Делера билгалонашца веана вара иза, оха иза бакъ вира», – аьлла. ТІаккха цунна гойтур ю жоьжахатих цхьа кІезиг херо, и хьожур ву цуьнга, цхьайолчу цІаро важа юуш а йолчу. ТІаккха цуьнга эр ду: «Хьажал хьо, Дала хьой хьалхаваьккхинчу хІумане». ТІаккха цунна гойтур ю ялсаманих цхьа кІезиг херо, и хьожур ву цуьнан хазалле а, оцу чохь долчу хІумане а. ТІаккха цуьнга эр ду: «ХІара ю-кх ялсаманехь хьан йолу меттиг. Бакъонна тІехь хилла хьо, бакъонна тІехь волуш вала а велла хьо, бакъонна тІехь волуш гІаттор а ву хьо, Дала мукъалахь».**

**Нагахь иза вуон стаг хиллехь, иза охьахаор ву шен кошахь, кхеравелла а волуш. ТІаккха цуьнга эр ду: «Ахь хІун олу шайга ваийтинчу стагах лаьцна?» Цо жоп лур ду: «Наха цунах лаьцна олуш**

**сайна хезнарг олу аса а». ТIаккха цунна гойтур ю ялсаманих цхьа кIеззиг херо, и хьожур ву цуьнан хазалле а, оцу чохь долчу хIумане а. ТIаккха цуьнга эр ду: «Хьажал хьо, Дала хьайх дIахьовзийна долчу хIумане». ТIаккха цунна гойтур ю жоьжахатих цхьа кIеззиг херо, и хьожур ву цуьнга, цхьайолчу цIаро важа юуш а йолчу. ТIаккха цуьнга эр ду: «ХIара ю-кх жоьжахатехь хьан йолу меттиг. Шеконна тIехь вара хьо, шеконна тIехь волуш вала а велира хьо, шеконна тIехь а волуш гIаттор ву хьо, Дала мукъалахь, цул тIаьхьа Iазап а лур ду хьуна».** *Ахьмад.*

**18 – Бусалба стагана ялсаманин неI йоьллур ю, цуьнан кошахь дуьйна.**

**19 – Керста стагана жоьжахатин неI йоьллур ю, цуьнан кошахь дуьйна.**

**20 – Бусалба лена шен ялсаманехь йолу меттиг гойту, керста стагана шена кечйина жоьжахатехь йолу меттиг гойту**.

**21 – Бусалба стеган лахьта шордо, цуьнан бIаьрго ма-лоццу; керста стеган лахьта гатдо.**

**22 – Дикачу стеган Iамал хIутту стеган куьцахь – шен хаза юьхь йолуш, шена тIехь хаза бедарш йолуш, и стаг шех чIогIа хаза хьожа йогIуш а волуш, ша кхаъ боккхуш а волчу. Амма вуочу стеган Iамал хIутту, шен юьхь ирча а йолуш, бедарш**

**боьха а йолуш, шех чIогIа вуон хьожа а йогIуш, вуочу хIуманца кхаъ боккхуш волчу стеган куьцахь.**

**23 – Керста стагана коьртах жIов еттар ю** (цунах латта хиллалц). Iазибан кIанта Барраа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Тхо Пайхамарца** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **цхьаьна арадевллера ансарех волу стаг дIаволла. Тхо коша тIе кхечира, амма лахьта даккхаза дара. Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **къилбехьа вирзина охьахиира, тхо цунна гуонах охьахевшира. Тхайн кортош тIехь олхазарш долуш санна хетара тхуна. Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **карахь Iудах** (дечиган тайпа) **йолу гIаж яра, цо иза лаьттах а Iуьттуш. Стигала хьалахьожуш, юха лаьтта охьахьожуш а Iаш вара иза, юха шен бIаьргаш кхузза хьала а, охьа а хьажийра цо, тIаккха элира: «АллахIе кошан Iазапах шаьш лардар дехийша». Шозза я кхузза элира цо иза. Цул тIаьхьа цо элира: «Баккъалла а, бусалба лай дуьненах дIа а хедаш, эхартана тIевоьрзучу хенахь стиглара маликаш тIедуьссу цунна, кIайн яххьаш йолуш, шайн яххьаш малх санна къегина а йолуш, шайн карахь ялсаманерчу марчонех марчо а долуш, ялсаманерчу IатIарх IатIар а долуш. Уьш охьаховшу, цуьнан бIаьргаша лоцучу меттиган барамехь. ТIаккха саоьцу малик догIу, цуьнан коьрте охьа а хиъна, цо олу: «ХIай цIена долу са, хьо арадала Делера гечдаре, Иза реза хиларе».**

**Цуьнан са арадолу, хи чудуттучу хIуман чуьра хи охьадарах терра, саоьцучу малико и схьа а оь-**

**цуш. Кхечу риваятехь деана: «Цуьнан са арадаьлча, стигланна, лаьттанна а юккъехь мел долчу малико а, стиглахь мел долчу малико а докъан ламаз дийр ду цунна; стигланан неIарш дIайоьллур ю цунна; оцу неIаршкахь мел долчу маликаша Деле доьхур ду, цуьнан са шега-шега хьаладаийта бохуш. Саоьцуш долчу малико цуьнан са схьаэцча, бIаьрганегIар тоххалц а цуьнан карахь ца дуьтуш, оцу маликаша схьаоьцу иза. Шаьш деанчу марчонна юкъа хьарчадо цара иза, шаьш деана IатIар а туху цара цунна. И ду-кх Веза-Сийлахьчу Делан дош: «Тхан геланчаша саоьцу цуьнан, цара ледарло а ца йо».** *«Аль-АнIам», 61.*

**Цул тIаьхьа цунах лаьтта тIехь уггар хаза хьожа йолчу мискан хьожа йогIу. И маликаш, цуьнан са а оьций, хьалагIо, уьш маликийн цхьана а тобанна тIех ца довлу, цара хоттуш а бен: «ХIара хаза са хьенан ду?» Цара жоп ло: «Хьенехан кIентан минехан ду** (дуьнен чохь цуьнан йоккхуш йолчу цIерех уггар хазчу цIарца)**». Дуьненан стигала кхаччалц хьаладуьгу цара иза, тIаккха стигалан неIарш дIаеллар доьху цара, царна уьш дIа а йоьллу. Цара хабар дархкадо шайна уллохь йолчу хIора стиглахь, уьш ворхIалгIачу стигала хьалаккхаччалц. Веза-Сийлахьчу Дала олу: «Сан лен Iамалийн тептар дIаязде аша Iиллийюн олучу меттехь: «Хьуна хаьий, Iиллийюн хIун меттиг ю? МухIар тоьхна тептар ду иза, цунна тоьшалла деш ду Далла гергахь долу маликаш».**

*«Аль-МутIоффифин», 19-21.*

**ТIаккха цуьнан тептар дIаяздийр ду Iиллий-**

**юна чохь. Цул тӀаьхьа эр ду: «Лаьттан кийра вухаверзаве иза, баккъалла а, Ас царна чӀагӀо йина, цунах Ас уьш кхоьллина, цуьнга Ас уьш берзор бу, цунах юха а Ас уьш гӀовттор бу», – аьлла. Лаьттан кийра вухаверзор ву иза, цуьнан са а юхадерзор ду цуьнан дегӀа чу.**

**Баккъалла а, цунна шен накъостийн мачийн татанаш хеза, ша витина уьш бухабирзича. Цунна тӀе ши малик догӀу, мохьъхьакхар чӀогӀа а долуш; цуьнга мохьтуху цаьршимма, иза охьа а хааво цаьршимма. Цаьршимма цуьнга хоттур ду: «Хьан Дела мила ву?» Цо жоп лур ду: «Сан Дела АллахӀ ву», – аьлла. Цаьршимма цуьнга хоттур ду: «Хьан дин муьлха дин ду?» Цо жоп лур ду: «Сан дин Ислам ду», – аьлла. Цаьршимма цуьнга хоттур ду: «Шуьга ваийтина стаг мила вара?» Цо жоп лур ду: «Иза Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **вара». Цаьршимма цуьнга хоттур ду: «Ахь йина Ӏамал муьлха ю?» Цо жоп лур ду: «Ас Делан жайна** (Къуръан) **дешна, цуьнца Ийман а диллина, иза бакъдина ас». Цул тӀаьхьа цуьнга мохьтухур бу: «Хьан Дела мила ву? Хьан дин муьлха ду? Хьан пайхамар мила ву?» – аьлла. Иза ду бусалба стаг кошахь зерах тӀаьххьара дерг. И хуьлуш ду Веза-Сийлахьчу Дала олучу хенахь: «Ийман диллинарш бакъдолчу дашехь** (Ла́ ила́хӀа иллалло́хӀу) **совцабо АллахӀа дуьненан дахарехь, эхартахь а».** *«ИбрахӀим», 27.*

**Хеттаршна жоп лур ду: «Сан Дела АллахӀ ву, сан дин Ислам ду, сан пайхамар Мухьаммад ву** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)**». Кхойк-**

хуш верг кхойкхур ву стиглахь: «Бакълий-кх Сан лай, ялсаманера мотт билла цунна, ялсаманера духар дуоха цунна, ялсаманин неІ елла цунна». ТІаккха ялсаманин хаза хьожа кхетар ю цунна, цуьнан бІаьрго лоцучу барамехь каш шордийр ду цуьнан. Цунна тІе вогІур ву, шен юьхь хаза йолуш, бедарш хаза йолуш, шех хаза хьожа йогІуш а волу стаг, цо эр ду: «Кхаъ бу хьоьга, хьуна хазахетар долчуьнца; кхаъ бу хьоьга, хьуна Дела реза ву аьлла а, ялсаманин бошмаш хьуна ю аьлла а, шена чохь лаьтташ Делан ниІматаш а долуш. ХІара ду хьуна чІагІо йина де».

Цо жоп лур ду: «Дала диканца кхаъ боккхийла хьоьга а, хьо мила ву? Хьан юьхь ю-кх, дика дохьуш йогІу юьхь». Цунна жоп лур ду: «Со хьан дика Іамал ю. Ас Делах дуй ма буу, суна хьо ма ца вевзина, Далла муьтІахь хиларехь сихо еш, Далла Іеса хиларх вухакхеташ бен, цундела Дала диканца бекхам бина хьуна». Цул тІаьхьа цунна дІайоьллур ю ялсаманин а, жоьжахатин а неІарш, юха цуьнга эр ду: «ХІара хьан хІусам яра, хьо Далла Іеса хиллехьара. Амма Дала цуьнан метта хІара елла хьуна». Ялсаманехь дерг шена гича, цо эр ду: «ХІай Везан Дела, сихдехьа къематде хІоттор, со сайн доьзале, даьхнига верзийтархьама». Цуьнга эр ду: «ПаргІат хила».

Амма керста стаг дуьненах дІахедаш, эхартана герга вахана хилча, цунна тІедуьссур ду стиглара маликаш, чІогІа а, шога а долуш, шайн яххьаш Іаьржа а йолуш; цаьргахь хир ду жоьжахатичуьрчу шогачу кІадин духар. Уьш охьаховшу, цуьнан

**бІаьргаша лоцучу меттиган барамехь. ТІаккха са-оьцу малик догІу; цуьнан коьрте охьа а хууш, цо олу: «ХІай боьха са, хьо арадала Делера хьайна йолчу оьгІазлоне». Цуьнан дегІ этІор ду, тІаккха цуьнан са** (озийна) **схьадоккхур ду, тІедачу кхак-хина тІера** (озош) **тІаргІа бакххарх терра. Цунна неІалт эр ду стигланна а, лаьттанна а юкъахь мел долчу маликаша, стиглахь мел долчу маликаша. Цунна дІакъовлур ю стигланийн неІарш. Оцу неІа-рийн охІла цхьа а хир ма дац, Деле и са шайга хьа-ла ца даккхар доьхуш бен. Цо и са схьаоьцур ду, цул тІаьхьа цо и са шен карахь дуьтур ма дац, бІаьр-ганегІар тухучу заманахь а цунна жоьжахатин бе-дар тІе ца юхуш. Цунах йогІур ю лаьтта тІехь йолу уггар боьха хьожа; тІаккха цара и хьалахьур ду. Уьш цуьнца маликийн цхьана а тобанна уллохула тІехдевр ма дац, цара хоттуш а бен: «ХІара хІун боьха са ду?» Цара эр ду: «ХІара хьенехан кІант минех ву** (дуьнен чохь цуьнан йоккхуш хиллачу уггар боьхачу цІарца)**». ТІаккха уьш кхочур ду дуьненан стигла, цара, цунна неІ елла, эр ду, амма цунна неІ йоьллур яц.**

**Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **дийшира: «Стигланан неІарш дІайоьллур ма яц царна, ялсамани чу гІур ма бац уьш, механ Іуьргахула эмкал чекхъяллалц».** *«Аль-АІраф», 40.* **ТІаккха Веза-Сийлахьчу Дала олу: «Цуьнан Іа-малийн тептар дІаязде аша Сижжин олучу мет-техь, уггар лахарчу лаьтта тІехь». Юха цаьрга эр ду: «Аша охьавига иза лаьтта тІе, баккъалла, Аса чІагІо йина, Айса уьш лаьттах кхоьллина, цуьнга**

**берзор болуш, цунах юха гӀовттор болуш бу», – аьлла. ТӀаккха цуьнан са, стиглара ласттадой, цуьнан дегӀа чу охьакхуссу. Юха Пайхамара** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **дийшира: «Ткъа Делаца накъост лоцург тера ву стиглара воьжначух, цул тӀаьхьа олхазарша схьалоцуш я мохо генарчу меттиге дӀавуьгуш волчух».** *«Аль-Хьаж», 31.*

**Цул тӀаьхьа цуьнан са духадерзадо цуьнан дегӀа чу. Юха цунна ши малик догӀу, моххьакхар чӀогӀа а долуш. Цуьнга мохьтуху цаьршимма, иза охьа а хааво цаьршимма. Шина малико цуьнга хоттур ду: «Хьан Дела мила ву?» Цо жоп лур ду: «ХӀан-хӀа, суна ца хаьа». Цаьршимма цуьнга хоттур ду: «Хьан дин муьлха дин ду?» Цо жоп лур ду: «ХӀан-хӀа, суна ца хаьа». Маликаша цуьнга хоттур ду: «Шуьга ваийтина стаг мила вара?» Иза нислур вац цуьнан нийса цӀе яккхаре а. Цуьнга эр ду: «Мухьаммад ву», – аьлла. ТӀаккха цо эр ду: «ХӀан-хӀа, суна ца хаьа, амма наха и олуш хезнера суна». Цуьнга эр ду: «Хаа ма хаийла хьуна иза, деша ма доьшийла ахь иза».**

**Кхойкхуш верг кхойкхур ву стиглахь: «Харц лий-кх иза, жоьжахатин мотт билла цунна, жоьжахатин неӀ елла цунна». Цунна йогӀур ю жоьжахатин йовхо а, цуьнан мох а. Шен кошахь гатто йийр ю цунна, цуьнан пӀендарш морзахдовллалц. Цунна тӀевогӀур ву, шен юьхь ирча йолуш, бедарш боьха йолуш, шех чӀогӀа боьха хьожа йогӀуш а волу стаг, цо эр ду: «Кхаъ бу хьоьга, хьуна халахетар долчуьнца. ХӀара ду хьуна чӀагӀо йина де». Цо эр ду: «Дала вуонца кхаъ баккхийла хьоьга а,**

**хьо мила ву? Хьан юьхь ю-кх, вуон дохьуш йогIу юьхь». Цо эр ду: «Со хьан вуон Iамал ю, ас Делах дуй ма буу, суна хьо ма ца вевзина, Далла муьтIахь хиларх дIахьаьвзаш бен, Далла Iеса хиларехь сихо еш бен. Дала вуонца бекхам бойла хьуна».**

**Цул тIаьхьа цунна тIетосур ву бIаьрзе а, къора а, толкха а верг, шен карахь жIов а йолуш. Цо и жIов ломах тоьхча, цунах латта хир ма дара. Цо цунна жIов еттар ю, цунах латта хиллалц. ТIаккха Дала шен хьалхалеррачу хьоле верзор ву иза. Цо цунна юх-юха а жIов еттар ю, тIаккха цо мохь хьокхур бу, адам а, жин а доцчарна массарна а хезар болуш. Цул тIаьхьа цунна жоьжахатин неI йоьллур ю, жоьжахатих мотт а буьллур бу цунна, ткъа цо эр ду: «ХIай сан Дела, къематде хIотта ма дехьа».** *БайхIакъи.*

**24 – Стигларчу охIланаша дикачу сине маршалла хоттур ду, цуьнга дика кхаъ боккхур бу.**

**25 – Стигларчу охIланаша вуочу сине маршалла хоттур дац, цуьнга вуон кхаъ боккхур бу.**

**26 – Дала бусалба стагана шеха хьалхаваьккхина жоьжахатин цIе гойтур ю.**

**27 – Вуочу стагана ялсаманих цхьа херо гойтур ю** (ша стенах ваьккхина цунна хаийтархьама). **Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **аьлла: «Вала герга ваханчунна маликаша гуо бо; нагахь санна и дика стаг хиллехь, цуьнга**

олу: «Хьо арадала, хӀай дика са, дикачу дегӀа чохь хилла долу; хьо арадала, декъала а хилла, кхаъ бу хьуна паргӀатонца, рицкъанца, хьан Дела хьуна оьгӀазвахана воцуш хиларца». Иза цуьнга юх-юха ма олу, и са шен дегӀа чуьра арадаллалц. Юха и са стигала хьалахьо, цунна неӀ дӀаелла олий, пурба а доьху, тӀаккха хотту: «ХӀара мила ву?» Цо олу: «Хьенех ву». Цуьнга олу: «Хьо чудола, хӀай дика са, дикачу дегӀа чохь хилла долу; хьо чудола, декъала а хилла, кхаъ бу хьуна паргӀато хиларца, рицкъа хиларца, хьан Дела хьуна оьгӀазвахана воцуш хиларца». Иза цуьнга юх-юха ма олу, иза уггаре лакхарчу стигала кхаччалц.

**Амма и валарчу вахана стаг вуон хиллехь, олу: «Арадала, хӀай боьха са, боьхачу дегӀа чохь хилла долу; арадала, сийсаза а хилла, кхаъ бу хьуна хьамимца** (жоьжахатин тӀех довха хи), **гӀассакъца а** (жоьжахатин охӀланийн соьла), **цунах терра долчу Ӏазапашца а». Иза цуьнга юх-юха ма олу, и шен дегӀа чуьра арадаллалц. Юха и са стигала хьалахьо, цунна неӀ дӀаелла олий, пурба а доьху, тӀаккха хотту: «ХӀара мила ву?» Цо олу: «Хьенех ву». Цуьнга олу: «Марша ма догӀийла хьо, хӀай боьхачу дегӀа чохь хилла долу боьха са; юхадерза, сийсаза долуш, стигланийн неӀарш хьуна йоьллур ма яц». Иза стиглара охьахьажадо, тӀаккха шен коша дерзадо.**

**Дика стаг охьахаор ву шен кошахь, кхоьруш а, сагатдеш а воцуш. Цуьнга хоттур ду: «Муьлхачу динехь вара хьо?» Цо жоп лур ду: «Со бусалба динехь вара». Цуьнга хоттур ду: «Шуьга ваийтина стаг мила вара?» Цо жоп лур ду: «Мухьаммад**

вара, Делан Элча ша волу, и тхоьга веара Делера билгалонашца, оха иза бакъвира». Цуьнга хоттур ду: «Хьуна Дела гиний?» Цо жоп лур ду: «Цхьанне тарлуш ма дац Дела ган». ТIаккха цунна гойтур ю жоьжахатих цхьа кIеззиг херо, и хьожур ву цуьнга, цхьайолчу цIаро важа юуш йолчу. Цуьнга эр ду: «Хьажал хьо, Дала хьой хьалхаваьккхинчу хIумане». Цунна гойтур ю ялсаманих цхьа кIеззиг херо, и хьожур ву цуьнан хазалле а, оцу чохь долчу хIумане а; цуьнга эр ду: «ХIара ю-кх, ялсаманехь хьан йолу меттиг. Бакъонна тIехь хилла хьо, бакъонна тIехь волуш вала а велла хьо, бакъонна тIехь волуш гIаттор а ву хьо, Дала мукъалахь».

Нагахь иза вуон стаг хиллехь, иза охьахаор ву шен кошахь, кхеравелла а волуш; цуьнга хоттур ду: «Муьлхачу динехь вара хьо?» Цо жоп лур ду: «Суна ца хаьа», – аьлла. Цуьнга кхин а хоттур ду: «Ахь хIун олу шайга ваийтинчу стагах лаьцна?» Цо жоп лур ду: «Наха цунах лаьцна олуш сайна хезнарг олу аса а». Цунна гойтур ю ялсаманих цхьа кIеззиг херо, и хьожур ву цуьнан хазалле а, оцу чохь долчу хIумане а, ткъа цуьнга эр ду: «Хьажал хьо, Дала хьайх дIахьовзийначу хIумане». Цунна гойтур ю жоьжахатих цхьа кIеззиг херо, и хьожур ву цуьнга, цхьайолчу цIаро важа юуш йолчу. Цуьнга эр ду: «ХIара ю-кх, жоьжахатехь хьан йолу меттиг. Шеконна тIехь вара хьо, шеконна тIехь волуш вала а велира хьо, шеконна тIехь а волуш гIаттор ву хьо, Дала мукъалахь». *Ибн МажахI.*

**28 – Маликашна бусалба стеган сих хаза хьожа йогIур ю.**

**29 – Шайна керла бусалба са дуьхьалкхетча, бусалба нехан синошна хазахетар ду, генара доьзалхо цIа веача доьзална хазахетарал чIогIа.**

**30 – Бусалба нехан синош долчохь са паргIатдолу дуьненан баланех.** Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, бусалба стаг шен садала гергавахча, цунна къинхетаме маликаш догIу, кIайн дари дохьуш. Цара олу: «Хьо арадала Делерчу паргIатоне». Иза арадолу, шех уггар хазчу мискан хьожа а йогIуш. Юха иза царах хIораммо а шен кар-кара ма оьцу, шаьш стигала кхаччалц цунах хьожа а йохуш. Стигланан охIлано олу: «ХIара хIун дика са ду лаьттара деанарг?!» Уьш цхьана а стигала ма ца кхочу, цаьрга иза олуш а бен, шаьш бусалба синошна тIекхаччалц, баккъалла а, бусалба синошна чIогIа хазахета и са деача, генара доьзалхо цIа веача доьзална хазахетарал сов. Цара хотту оцу сине: «Хьенеха хIун дира-те?» Ткъа вовшашка олу цара: «СадаIа дитийша иза, баккъалла а, дуьненан баланехь дара иза». Оцу сино олу: «Иза вала ма велла, шу долчу ца кхаьчна иза?» Ткъа цара олу: «И вигна дегIан лаамийн нана шен цIе йолчу меттиге** (жоьжахате)**».**

**Амма керста стагана Iазап луш долу маликаш догIу, шайгахь жоьжахатин духар а долуш. Цара олу: «Арадала, хIай са, Делан оьгIазлоне». Цул тIаьхьа и са арадолу, шех уггар боьха хьожа а йогIуш, тIаккха иза лаьттан неIаре дуьгу».** *Ибн Хьиббан.*

**31 – Кошахь волчу стагана ялсаманехь я жоьжахатехь шена кечйина меттиг даима гойтуш хуьлу.** Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ЦIергахь багор бу уьш** (кошан дахарехь болуш) **Iуьйранна а, суьйранна а; къематде хIуттучу дийнахь кхайкхар хир ду цаьрга: «Чубохка ПирIун а, цуьнан къам а уггар чIогIачу Iазапна».** *«Аль-ГIофир», 46.*

Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух цхьаъ велча, цунна гойтур ю шен меттиг Iуьйранна а, суьйранна а. Нагахь иза ялсаманин охIланах велахь, ялсамани гойтур ю цунна; нагахь иза жоьжахатин охIланах велахь, жоьжахати гойтур ю цунна. Цуьнга эр ду: «ХIара ю-кх хьан меттиг, къематдийнахь Дала хьо гIаттаваллац».** *Бухари, Муслим.*

**32 – Кешнаш чохь шайна Iазап луш болчеран аьзнаш хьайбанашна хеза.** Ибн МасIуда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Беллачарна шайн кешнаш чохь Iазап луш хуьлу, хьайбанашна церан аьзнаш хаза а хезаш».** *ТIабарани.*

**33 – Каш – эхартан хIусамех уггар хьалхара хIусам ю.** Iаффанан кIентан Iусманан (Дела реза хуьлийла цунна) лай хилла волчу ХIаниа аьлла: «Iусман (Дела реза хуьлийла цунна) вара, ша коша уллохь сецча, шен маж яшаяллалц воьлхуш. Цуьнга элира: «Жоьжахати, ялсамани хьахийча ца воьлху хьо, амма каш хьахийча воьлху хьо». Iусмана (Дела реза хуьлийла

цунна) элира: «Баккъалла а, суна хезна Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш: **«Каш – эхартан хIусамех уггар хьалхара хIусам ю, цунах хьалхаваьллачунна цул тIаьхьа дерг атта а хир долуш, амма цунах хьалха ца ваьллачунна, цул тIаьхьа дерг кхин а хала а хир долуш».**

Цо кхин а элира: «Суна хезира Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш: **«Суна цхьа а меттиг гина ма яц цкъа а, каш цул кхераме долуш а бен».** *Ахьмад, Тирмизи.*

**34 – Iесалла лелийначеран кешнаш боданах дуьзна хир ду.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«ХIара кешнаш шен охIланашна боданах дуьзна ду, баккъалла а, АллахIа царна уьш нуьре до – ас царна гечдар дехарца».** *Муслим.*

**35 – Кошан Iазап хазар ловр дацара дийначара.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Баккъалла а, хIара уммат зуьйш ду шайн кешнаш чохь. Аша вовшийн велларг дIавуллуш вацахьара, ас Деле доьхур ма дара – кошан Iазапах сайна хезаш дерг шуна а хазийта, аьлла».** *Муслим.*

**36 – Къематде кхачале ялсаманин стоьмаш буур бу ялсамане баханчара.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Баккъалла а, шен дегIа чу духадерзадаллац, бусалба стеган сих олхазар хуьлу, ялсаманерчу дитташ тIера стоьмаш бууш».** *Ахьмад.*

**37 – Бусалба стеган са шена тIехь долчу дек-
харх доьзна ду.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Бусалба стеган са шена тIехь долчу декхарх доьзна ду, цунна тIера и дIадаллалц».** *Тирмизи.*

**38 – Бусалба лена стигланан охIланаша доIа до.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Бусалба лен са арадаьлча, шина малико схьаоьцу иза, тIаккха иза хьаладуьгу цаьршимма.** *(ТIаккха цо хьахийра цунах хаза хьожа яр).* **Стигланийн охIланаша олу: «Ма цIена са ду, лаьттара хьаладеана, Дала къинхетам бойла хьох, хьо шена чохь даьхначу дегIах а». И дуьгу Дала омра динчу метте; цул тIаьхьа олу: «ДIадига иза, шена кошахь тоьхна хан чекхъяллалц».**

**Керста стеган са арадаьлча** (цо хьахийра цуьнан вуон хьожа)**, стигланан охIланаша олу: «Ма боьха са ду-кх лаьттара хьаладеана». Цаьрга эр ду: «ДIадига иза, шена кошахь тоьхна хан чакхъяллалц».** *Муслим.*

**39 – Бусалба стагана кошахь нур до.**

**40 – Бусалба стага шен кошахь наб йо.**

**41 – Велла стаг шен доьзална кхаъ баккхарна тIехь шовкъе хуьлу.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Велла стаг дIавоьллича, ши малик тIедогIу цунна, Iаьржа а, сийна а беснаш болуш; цаьршиннах цхьаъ - Мун-**

**кар, важа – Накир олуш ду. Цаьршимма хотту: «Ахь хIун эр дара хIокху стагах** (Пайхамарх) **лаьцна?» Цо эр ду, ша дуьнен чохь олуш хилларг: «Иза Делан лай а, Цуьнан Элча а ву, ас тоьшалла до, АллахI воцург, кхин Дела вац аьлла, Мухьаммад - Цуьнан лай а, Цуьнан Элча а ву аьлла».**

**Цаьршимма олу: «Ахь эр дерг хууш дара тхо». ТIаккха цуьнан каш шордийр ду кхузткъе итт дол** (кхузткъе уьттазза), **цул тIаьхьа нуьре дийр ду иза. Цуьнга эр ду: «Набъе». Цо эр ду: «Со сайн доьзална тIе гIур вуй, ас царна и дуьйцуш?» Цаьршимма эр ду: «Набъе ахь». Керла зуда ялийначу жима стага набъярх терра, цунна уггар дукхавезачо бен и сама ца воккхуш, Дала оцу шен кошара юха и гIаттаваллац, набъеш хир ву иза.**

**Нагахь и мунепакъ хиллехь, цо эр ду: «Суна хезира наха олуш хилларг, цара оллург элира аса а; суна хаац, и мила ву». Цаьршимма эр ду: «Тхуна хаьара, ахь и эр дуй». ТIаккха лаьтте эр ду: «ТIеттIаIовда иза». Цо и тIеттIаIовдур ву, цуьнан пIендарш морзахдевр ду. Оцу кошахь шена Iазап луш лаьттар ву иза, Дала ша гIаттаваллац».** *Тирмизи.*

**42 – Бусалба стеган каш баьццара хуьлу, гIовттточу дийне кхаччалц.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Баккъалла а, лай коша чу а виллина, цуьнан накъосташа цунна букъ тоьхча, цунна церан мачийн тата а хеза. Цунна тIедогIу ши малик; цаьршимма иза охьа а хаавой, олу: «Шайга вайтинчу стагах – Мухьаммадах** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **–**

**лаьцна хIун олу ахь?!» Бусалба стага эр ду: «Ас тоьшалла до, иза Делан лай а, Цуьнан Элча а ву аьлла».**

**ТIаккха цуьнга олу: «Хьажал хьо жоьжахатехь хьан йолчу меттиге, Дала хьуна и хийцина ялсаманехь йолчу меттигца». Цунна и шиъ ший а го, тIаккха цуьнан каш шордо кхузткъе итт дол барамехь, баьццараллех дуза а дузу цуьнан каш гIовттточу дийне кхаччалц.**

**Амма керста я мунепакъ стаге хотту: «Шайга ваийтинчу стагах лаьцна хIун олу ахь?» Цо жоп ло: «Суна-м ца хаьа, наха олуш хезнарг олура ас». Цуьнга олу: «Хаа ма хаийла хьуна, деша ма доьшийла ахь иза». Юха цунна шен хье тIе жIов тухур ю, тIаккха цо мохь хьокхур бу, адам а, жин а доццачарна массарна а хезар болуш. Цул тIаьхьа цуьнан каш гатдийр ду, цуьнан пIендарш морзахдовллалц».** *Бухари, Муслим.*

**43 – Бусалба стага кошахь луш долу жоп Дала иза нисварна ду.**

**44 – Лега кошахь Iибадатах а, динах а лаьцна бен хоттур дац.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Баккъалла а, бусалба стаг шен коша виллича, цунна малик догIу, цо цуьнга хотту: «Хьанна Iибадат деш вара хьо?» Баккъалла а, Дала ша нисварна, цо эр ду: «Со АллахIна Iибадат деш вара». Цуьнга хотту: «Шайга ваийтинчу стагах лаьцна хIун олу ахь?» Цо эр ду: «Ас тоьшалла до, иза Делан лай а, Цуьнан Элча а ву**

**аьлла». Цуьнга хоттур ма дац, и доцург хIумма а. Иза вуьгур ву жоьжахатерчу шен хIусаме, цуьнга эр ду: «ХIара яра жоьжахатехь йолу хьан хIусам, амма АллахIа хьо ларвина цунах, хьох къинхетам а бина, Дала хьуна и хийцина ялсаманехь йолчу меттигца». Цо эр ду: «Сайн доьзале кхаъ баккхийтийша соьга. Цуьнга эр ду: «ПаргIат хила».**

**Амма керста стаг шен коша виллича, цунна малик догIу, цо цуьнга** (мохь хьокхуш) **олу: «Хьанна Iибадат деш вара хьо?» Цо жоп ло: «Суна-м ца хаьа». Цуьнга олу: «Хаа ма хаийла хьуна, деша ма доьшийла ахь иза». Цуьнга олу: «Шайга ваийтинчу стагах лаьцна хIун олу ахь?» Цо жоп ло: «Суна-м ца хаьа, наха олуш хезнарг олура ас». Юха цунна шен хье тIе жIов тухур ю, тIаккха цо мохь хьокхур бу, адам а, жин а доцчарна массарна а хезар болуш».** *Абу Давуд.*

**45 – Къалиб олучу гIуна чуьра беллачу нахана Пайхамаран** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **къамел хезира, амма церан жоп дала ницкъ ца кхечира.** Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Къалиб олучу гIу чу хьаьжира, оцу чохь болчу беллачу нахе цо элира: **«Дала, чIагIо еш, шайна хир ду аьлларг бакъхилла карийн шуна?»** Цуьнга элира: **«Беллачаьрга къамел деш ву хьо?!»** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Шу ма дац царал дика хезаш, бакъду, жоп дала ницкъ ца кхочу церан».** *Бухари.*

*ДоьалгӀа дакъа*

## Ӏесачу нахана кошахь *лур долу* Ӏазап

Джундубан кӀанта Самурата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен асхьабашка (Дела реза хуьлийла царна) дукха хоьттура: **«Шух цхьаьнне гӀан гиний?»** ТӀаккха Далла лиъначо цуьнга дуьйцура. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира тхоьга цхьана дийнахь: **«Баккъалла, буса гӀенахь цхьа-шиъ веара суна, цаьршимма соьга элира: «Схьавола тхоьца». Со цаьршинца дӀавахара. ДӀатевжина Ӏачу стагана тӀекхечира тхо, карахь тӀулг болуш цунна тӀехӀоьттина кхин стаг волуш. Шегара тӀулг цуьнан коьрта тӀе бетташ, цуьнан корта отура цо. И тӀулг, карча а корчий, дӀабоьдура, цо, тӀаьхьаводий, схьаоьцура иза. И вухавеача, вукхун корта хьалха санна дийна хуьлура. Цул тӀаьхьа ша хьалха диннарг дора цо цунна тӀехь. Ас цаьршинга элира: «СубхьаналлохӀ, хӀара шиъ мила ву?» Цаьршимма соьга элира: «Кхин а дӀагӀо, кхин а дӀагӀо».**

**Тхо дӀадахара. Аркъала вижина Ӏачу стагана тӀекхечира тхо, цунна тӀехӀоьттина кхин стаг вара, шен карахь аьчкан коьжалг йолуш. Цо шен карара коьжалг тосура цуьнан юьхьан цхьана агӀонах, цо цуьнан бага а, цуьнан мераӀуьрг а, цуьнан бӀаьрг а батӀабора, цуьнан вортанна тӀекхаччалц. Цул тӀаьхьа шен коьжалг вукху агӀонах тосура цо, хьалхарчу агӀонах ша диннарг дора цо шолгӀачу**

**агIонах а. Цхьана агIон тIехь и болх бина ца волура иза, важа агIо тоелла карош а бен. Юха а цунна тIевоьрзура иза, ша хьалха диннарг дора цо. Ас элира: «СубхьаналлохI, хIара шиъ мила ву?» Цаьршимма соьга элира: «Кхин а дIагIо, кхин а дIагIо».**

**ТIаккха тхо дIадахара, тхо тIекхечира куьрках терачу хIуманна. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, моьтту суна: «Оцу чохь гIовгIанаш а, аьзнаш а дара». Тхо оцу чу хьаьвсира, цунна чохь берзина божарий а, зударий а бара. Церан когаш кIел алу хьодура, ткъа церан маьхьарий довлура. Ас хаьттира: «ХIорш муьлш бу?» Цаьршимма соьга элира: «Кхин а дIагIо, кхин а дIагIо».**

**Тхо дIадахара. Тхо цхьана татолна тIекхечира. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, моьтту суна: «ЦIий санна, цIен бос болуш дара иза. Оцу чохь некадеш цхьа стаг вара, оцу татола йистехь цхьа стаг вара, шена гонах дуккха тIулгаш гулдина Iаш». Некадеш верг некадеш волуш, оцу тIулгаш гулдинчунна тIевеача, шен бага гIеттайора цо, тIаккха вукхо цуьнан бага тIулгаш кхуьссура. И дIавоьдура, нека а деш, тIаккха вухавогIура иза. Ша вуха мосазза вогIу а, бага гIеттайора цо, цуьнан бага тIулгаш кхуьссура вукхо. Ас элира: «ХIара шиъ мила ву?» Цаьршимма соьга элира: «Кхин а дIагIо, кхин а дIагIо».**

**Тхо дIадахара, цхьана ирчачу стагана тIекхечира тхо** (хьуна гиначех уггар а ирча верг санна волчу). **Цунна уллохь цо латийна цIе яра, иза цунна гуо-**

туьйсуш вара, ас цаьршинга элира: «ХІара мила ву?» Цаьршимма соьга элира: «Кхин а дІагІо, кхин а дІагІо».

Тхо дІадахара, цхьана баьццарчу беша тІе кхечира тхо, шена чохь кхиъна бІаьстенан дерриге зезагаш долуш. Оцу беша юккъехь лекха стаг вара. Суна цуьнан корта ма ца гора (дукха лекха хиларна стигала бахана болу). Оцу стагана гонах дуккха бераш дара, суна цкъа а ца гинчу кепара. Ас хаьттира: «ХІара мила ву, хІорш муьлш бу?» Цаьршимма соьга элира: «Кхин а дІагІо, кхин а дІагІо».

Тхо дІадахара, тхо кхечира цхьана даккхий дитташ долчу беша тІе. Царал хаза я даккхий дитташ ца гинера суна цкъа а. Цаьршимма соьга элира: «Оцу чу гІо». Тхо оцу чу дахара, цхьана гІалина тІекхаччалц. Дешин, детин кибарчигех йиначу цу гІалин неІаре даьхкира тхо. Оха неІ туьйхира, тхуна неІ дІайиллина, тхо оцу чу дахара. Тхуна божарий дуьхьалкхиийтира, царах цхьаберш хьуна гиначарал уггар хазаниш бара, биснарш – хьуна гиначарах уггар ирчанаш бара. Цаьршимма элира цаьрга: «ДІадуьло, татола чу лелха». Иза шуьйра татол дара, шура санна кІайн бос болуш. Уьш оцу чу лилхира, юха тхуна тІебаьхкира, шайгара вуон хІума дІа а даьлла. Уьш хилира уггар хаза куц долуш. Цаьршимма соьга элира: «ХІара Іадн олу ялсамани ю, хІара хьан хІусам а ю». Ас сайн бІаьргаш хьалахьажийра, суна гІала гира, кІайчу марханах тера йолуш. Цаьршимма соьга элира: «ХІара ю-кх хьан хІусам». Ас цаьршинга элира: «Дала беркат дойла шуьшингахь, оцу чу вахийтийша

**со». Цаьршимма элира: «Цкъа хIинца оцу чу гIойла дац хьан». Ас цаьршинга хаьттира: «ХIокху цхьана буса ма тамашийна белхаш ги суна, и хIун ду суна гинарг?» Цаьршимма соьга элира: «Охашимма дуьйцур ду хьуна иза: «Хьо шена тIекхаьчна хьалхара стаг – шен корта тIулгаца отуш волу – иза Къуръан схьа а эцна, юха дIатеснарг ву, фарз ламаз ца деш ша дIавуьжуш волу. Амма хьо шена тIекхаьчна хилла стаг – шен бага а, шен мераIуьрг а, шен бIаьрг а батIош хилла волу** (шен вортанна тIе кхаччалц) **– иза шен цIера араволуш верг ву, ана тIе кхаччалц пуьташ а буттуш. Амма берзина божарий а, зударий а** (куьрк санна йолчу хIуманна чохь болу) **– уьш зина дина зударий а, божарий а бу. Амма хьо шена тIекхаьчна стаг, татола чохь некадеш, шен бага тIулгаш кхуьссуш а волу – иза риба** (процент) **юуш верг вара. Ткъа уггар ирчачу куьцахь волу стаг** (шена уллохь цIе латош, тIаккха цунна гуо туьйсуш) **– иза жоьжахатина тIехIоттийна Малик цIе йолу малик дара. Баьццарчу бешахь волу лекха стаг – иза ИбрахIим вара, цунна гондIа долу бераш – уьш бусалба а долуш кхелхина бераш ду».**

**Цхьаболчу бусалба наха элира: «ХIай Делан Элча, ткъа керста нехан бераш?» Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **элира: «Керста нехан бераш а ду. Амма цхьаберш шайн куьцаш хаза долуш, бисинарш шайн куьцаш ирча долу нах – уьш бу шайн дика Iамалш вуочу Iамалех иэйина нах. Дала царна гечдина».** *Бухари.*

## Iесачу нахана кошахь Iазап хуьлуьйтучу къинойх лаьцна

**1 – Къуръан** (Iамийначул тIаьхьа) **дIатесначунна, фарз ламаз ца деш вижина Iачунна а хиндолу Iазап. Вай хьалха дийцира Джундубан кIанта Самурата** (Дела реза хуьлийла цунна) **далийна деха хьадис, оцу чохь дара: «ДIатевжина Iачу стагана тIекхечира тхо, цунна тIехIоьттина карахь тIулг болуш кхин стаг волуш. Шегара тIулг цуьнан коьрта тIе бетташ, цуьнан корта отура цо. ТIаккха и тIулг карчий дIабоьдура, цо тIаьхьаводий схьаоьцура иза. И вухавеача, вукхун корта хьалха санна дийна хуьлура. Цул тIаьхьа ша хьалха диннарг дора цо цунна тIехь».**

**Шина малико билгалдира Делан Элчанна** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **цуьнан маьIна: «Хьо шена тIекхаьчна хьалхара стаг** (шен корта тIулгаца отуш волу) **– иза, Къуръан схьа а эцна, юха дIатеснарг ву, фарз ламаз ца деш ша дIавуьжуш волу».**

Кхечу риваятехь деана: **«Къематде тIекхаччалц и болх бийр бу цунна тIехь».**

**2 – Харцлер бахьанехь луш долу Iазап.** Джундубан кIанта Самурата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцинчу хьадисехь деана: **«Тхо тIекхечира аркъал вижина Iачу стагана, цунна тIехIоьттина кхин стаг волуш, шен карахь аьчкан коьжалг йолуш. Цо**

**шен карара коьжалг тосура цуьнан юьхьан цхьана агӀонах, цо цуьнан бага а, цуьнан мераӀуьрг а, цуьнан бӀаьрг а батӀабора, цуьнан вортанна тӀекхаччалц. Цул тӀаьхьа шен коьжалг вукху агӀонах тосура цо, хьалхарчу агӀонах ша диннарг дора цо оцу шолгӀачу агӀонах. Цхьана агӀон тӀехь и болх бина ца волура иза, важа агӀо тоелла карош а бен. ТӀаккха юха а цунна тӀевоьрзура иза, ша хьалха диннарг дора цо».**

**Шина малико билгалдира Делан Элчанна** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **цуьнан маьӀна: «Амма хьо шена тӀекхаьчна хилла стаг, шен бага а, шен мераӀуьрг а, шен бӀаьрг а батӀош хилла волу шен вортанна тӀекхаччалц – иза шен цӀера араволуш верг ву, ана тӀе кхаччалц пуьташ а буттуш».**

Кхечу риваятехь деана: **«Къематде тӀекхаччалц и болх бийр бу цунна тӀехь».**

**3 – Зина динчу зударшна а, божаршна а хиндолу Ӏазап.** Джундубан кӀанта Самурата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцинчу хьадисехь деана: **«Тхо тӀекхечира куьркаха терачу хӀуманна. Пайхамара** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **элира, моьтту суна: «Оцу чохь гӀовгӀанаш а, аьзнаш а дара. Тхо оцу чу хьаьвсира, оцу чохь берзина божарий а, зударий а бара. Церан когашна кӀел алу хьодура, тӀаккха церан маьхьарий бовлура».**

**Цул тӀаьхьа шина малико билгалдира Делан Элчанна** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **цуьнан маьӀна: «Амма берзина божарий а, зударий**

**а** (куьрк санна йолчу хIуманна чохь болу) **– уьш зина дина зударий а, божарий а бу».**

**4 – Риба** (процент) **йиъначунна хиндолу Iазап.** Джундубан кIанта Самурата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцинчу хьадисехь деана: **«Тхо тIекхечира цхьана татолана. Пайхамара** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **иштта элира моьттуш ву со: «ЦIий санна цIен бос болуш дара иза. Оцу чохь некадеш цхьа стаг вара, оцу татолана йистехь цхьа стаг вара, шен гонах дуккха тIулгаш гулдина Iаш. Некадеш верг некадеш волуш, оцу тIулгаш гулдинчунна тIевеача, шен бага гIаттайора цо, тIаккха вукхо цуьнан бага тIулгаш кхуьссура. И дIавоьдура, некадеш, тIаккха вухавогIура иза. Ша вуха мосазза вогIу, бага гIаттайора цо, цуьнан бага тIулгаш кхуьссура вукхо».**

**Цул тIаьхьа шина малико билгалдира Делан Элчанна** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **цуьнан маьIна: «Амма хьо шена тIекхаьчна стаг** (татола чохь некадеш, шен бага тIулгаш кхуьссуш а волу) **– иза риба** (процент) **юуш верг вара».**

**5 – ХьатI тоьлуш цинцех ларлуш воцчунна хиндолу Iазап.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Дукхах долу кошан Iазап – хьатI тоьлуш цинцех лар ца валарна ду, цунах ларло шу».** *ТIабарани.*

**6 – Керста стагана Iазап совдаккхар – цунна шен доьзал тIаьхьабелхар бахьанехь ду.** Делан

Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Баккъалла а, керста стагана Іазап совдоккхур ду Дала, цуьнан доьзало цунна тІаьхьабоьлхуш лелийна хІуманаш бахьанехь».** *Насаи.*

**7 – Веллачу стагана** (цунна тІаьхьа тийжаш белхарна) **хиндолу Іазап.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Веллачунна кошахь Іазап лур ду, цунна тІаьхьа тийжаш белхар бахьанехь».** *Бухари, Муслим.* Амма цо ша дийна волуш, шена тІаьхьа тийжаш ма делха аьлла весет динехь, тІаккха Іазап хир дац цунна.

**8 – Веллачунна** (цуьнан доьзало цуьнан хьокъехь аьлла цхьадолу дешнаш бахьанехь) **хиндолу Іазап.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Цхьа а стаг леш ма вац, цунна тІаьхьа боьлхуш болчара: «ХІай тхуна, лам санна, гІортор хилла ваьхнарг!..», «ХІинца хьанна тІетевжар ду тхо?!…» я и саннарг шаьш олуш, тІаккха цунна тІе ши малик хІоттош а бен, шаьшшима цунна Іиттарш еш: «Иштта вара хьо?!»** *Тирмизи.*

**9 – Мотт-эладита лелош волчунна хиндолу Іазап.** Ибн Іаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шина коша уллохула тІехвелира, тІаккха цо элира, аьлла: **«Оцу шина кошахь волчу шинна Іазап луш ду. Цаьршинна Іазап луш дац** (цаьршинна гергахь) **доккха хІума бахьана долуш. Бакъду, цаьршимма динарг** (Далла гергахь) **доккха**

**ду: цаьршиннах цхьаъ мотт-эладита лелош вара, шолгIаниг - шен хьашт кхочушдечу хенахь** (хьатI тоьлуш) **цинцех ларлуш, нахах лечкъаш вацара».** *Бухари, Муслим.*

## **Пайхамарш а** (Делера салам хуьлийла царна), **церан кошан дахар а**

**1 – Веза-Сийлахьчу Дала Пайхамаран** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **коша тIе малик хIоттадо; цо цунна шен цIарца вуьйцу Пайхамарна** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **салават дуьллуш волу стаг.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Суна дуккха салаваташ дахка, баккъалла а, Дала сан коша уллохь суна тIе малик хIоттийна. Сан умматах цхьана стага суна салават диллича, оцу малико соьга олу: «ХIай Мухьаммад, хьенехан кIанта минеха хIокху сохьтехь салават дилли хьуна».** *Дайлами.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Суна салаваташ дукха дахка рузбанан дийнахь, баккъалла а, рузбанан дийнахь суна салават дуьллур ма дац цхьаммо а, цо диллина салават суна тIедохьуш бен».** *БайхIакъи.*

**2 – Лаьтто пайхамарийн** (Делера салам хуьлийла царна) **догIмаш дууш дац.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Шун денойх уггар гIоли долу де – пIераскан де ду, цу дийнахь Адам кхоьллина, цу дийнахь цуьнан са а эцна, цу дийнахь къематде хIуттур ду, цу дийнахь нах гIовттор бу. Оцу дийнахь суна салаваташ дукха дахка, баккъалла а, аша дуьллуш долу салават суна тIедохьуш ду. Баккъалла а, Дала хьарам дина лаьтта-**

**на пайхамарийн догІмаш даар»**. *Абу Давуд.*

**3 – Пайхамарш** (Делера салам хуьлийла царна) **шайн кешнаш чохь дийна бу.**

**4 – Пайхамарш** (Делера салам хуьлийла царна) **шайн кешнаш чохь ламаз деш бу.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Пайхамарш, шайн кешнаш чохь ламазаш а деш, дийна бу».** *БайхІакъи.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Суо стигала ваьккхинчу буса Мусана тІекхечира со, шен кошахь и ламаз деш а волуш».** *Муслим.*

**5 – Вайн Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **Адамна а, Яхьъяна а, Іийсана а, Юсупна а, Идрисна а, ХІаронна а, Мусана а, ИбрахІимна а** (Делера салам хуьлийла царна) **дуьхьалкхетта.**

**6 – Муса** (Делера салам хуьлийла цунна) **шен кошан дахарехь воьлхуш вара, шен умматал дукха Мухьаммад-пайхамаран** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **умматах нах ялсамани чу гІур хиларх хьоьгуш.**

**7 – Муса-пайхамара** (Делера салам хуьлийла цунна) **вайн Элчанна** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), **Веза-Сийлахьчу Дала Шен лешна тІедехкина ламазаш Цуьнга дайдар деха аьлла, хьехам бар.**

СаIсаIатан кIантах Маликах (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Со КаIбатан оганна уллохь тевжина Iаш волуш, тIевогIург тIеара суна. ХIокху шинна юккъера меттиг ятIа а йина, сан дог схьаийцира цо. Цул тIаьхьа Иймана дуьззина дашо тас а деана, Зам-Зам хица сан дог дилира цо. ТIаккха ийманах дуза а дуьзна, шен метта дIадиллира иза. Цул тIаьхьа кIайн бос болу хьайба далийра суна, бIарзанал жима а, вирал доккха а долуш, шен цIе Буракъ а йолуш. Цо шен берг тосура, бIаьрго лоцучу барамехь гена. Со цунна тIе а хаийра. Цул тIаьхьа, со вуьгуш, Джабраил дуьненан стигала хьаладелира. Цо неI туьйхира. Цуьнга хаьттира: «ХIара мила ву?» Цо жоп делира: «Джабраил ду», – аьлла. Цуьнга хаьттира: «Хьоьца верг мила ву?» – аьлла. Цо жоп делира: «Мухьаммад ву». Цуьнга хаьттира: «И вало дахийтина дарий хьо?» Цо жоп делира: «Дара». Цуьнга элира: «Марша вогIийла иза, ма дика вогIург веана-кх». Цунна неI йиллира; со чуваьлча, цигахь Адам вара. Джабраила элира: «ХIара хьан да Адам ву, цуьнга салам ло ахь». Ас цуьнга салам делира, цо салам схьаийцира, тIаккха элира: «Марша вогIийла дика Пайхамар а, дика кIант а».**

**Цул тIаьхьа со шолгIачу стигала хьалаваьккхира, цо неI туьйхира. Цуьнга хаьттира: «ХIара мила ву?» Цо жоп делира: «Джабраил ду». Цуьнга хаьттира: «Хьоьца верг мила ву?» Цо жоп делира: «Мухьаммад ву». Цуьнга хаьттира: «И вало дахийтина дарий хьо?» Цо жоп делира: «Дара». Цуьнга**

**элира: «Марша вогIийла иза, ма дика вогIург веана-кх». Цунна неI йиллира; со чуваьлча, цигахь Яхьъя а, Iийса а вара, и шиъ шина йишин вара. Джабраила элира: «ХIара шиъ – Яхьъя, Iийса а ву, цаьршинга салам ло». Ас цаьршинга салам делира, цаьршимма салам схьаийцира. ТIаккха цаьршимма элира: «Марша вогIийла, дика ваша а, дика Пайхамар а».**

**Цул тIаьхьа со кхоалгIачу стигала хьалаваьккхира, цо неI туьйхира. Цуьнга хьаттира: «ХIара мила ву?» Цо жоп делира: «Джабраил ду». Цуьнга хьаттира: «Хьоьца верг мила ву?» Цо жоп делира: «Мухьаммад ву». Цуьнга хьаттира: «И вало дахийтина дарий хьо?» Цо жоп делира: «Дара». Цуьнга элира: «Марша вогIийла иза, ма дика вогIург веана-кх». Цунна неI йиллира; со чуваьлча, цигахь Юсуф вара. Джабраила элира: «ХIара Юсуф ву, цуьнга салам ло». Ас цуьнга салам делира, цо салам схьаийцира. Цо элира: «Марша вогIийла, дика ваша а, дика Пайхамар а».**

**Цул тIаьхьа со йоьалгIачу стигала хьалаваьккхира, цо неI туьйхира. Цуьнга хьаттира: «ХIара мила ву?» Цо жоп делира: «Джабраил ду». Цуьнга хьаттира: «Хьоьца верг мила ву?» Цо жоп делира: «Мухьаммад ву». Цуьнга хьаттира: «И вало дахийтина дарий хьо?» Цо жоп делира: «Дара». Цуьнга элира: «Марша вогIийла иза, ма дика вогIург веана-кх». Цунна неI йиллира; со чуваьлча, цигахь Идрис вара. Джабраила элира: «ХIара Идрис ву, цуьнга салам ло». Ас цуьнга салам делира, цо салам схьаийцира. ТIаккха цо элира: «Марша во-**

**гІийла, дика ваша а, дика Пайхамар а».**

**Цул тІаьхьа со пхоьалгІачу стигала хьалаваькхира. Цо неІ туьйхира. Цуьнга хаьттира: «ХІара мила ву?» Цо жоп делира: «Джабраил ду». Цуьнга хаьттира: «Хьоьца верг мила ву?» Цо жоп делира: «Мухьаммад ву». Цуьнга хаьттира: «И вало дахийтина дарий хьо?» Цо жоп делира: «Дара». Цуьнга элира: «Марша вогІийла иза, ма дика вогІург веана-кх». Цунна неІ йиллира; со чуваьлча, цигахь ХІарон вара. Джабраила элира: «ХІара ХІарон ву, цуьнга салам ло». Ас цуьнга салам делира, цо салам схьаийцира. Цо элира: «Марша вогІийла, дика ваша а, дика Пайхамар а».**

**Цул тІаьхьа со йолхалгІачу стигала хьалаваьккхира, цо неІ туьйхира. Цуьнга хаьттира: «ХІара мила ву?» Цо жоп делира: «Джабраил ду». Цуьнга хаьттира: «Хьоьца верг мила ву?» Цо жоп делира: «Мухьаммад ву». Цуьнга хаьттира: «И вало дахийтина дарий хьо?» Цо жоп делира: «Дара». Цуьнга элира: «Марша вогІийла иза, ма дика вогІург веана-кх». Цунна неІ йиллира; со чуваьлча, цигахь Муса вара. Джабраила элира: «ХІара Муса ву, цуьнга салам ло». Ас цуьнга салам делира, цо салам схьаийцира. Цо элира: «Марша вогІийла, дика ваша а, дика Пайхамар а». Со цунна тІехваьлча, иза вилхира. Цуьнга хаьттира, хьо хІунда воьлху, аьлла. Цо элира: «Со воьлху, хІунда аьлча сол тІаьхьа ваийтинчу жимчу стеган умматах ялсамане гІур берш сан умматах ялсамане гІур болчерал дукха хиларна** (сан умматах берш иштта дукха белар-кх, аьлла)**».**

**Цул тIаьхьа со ворхIалгIачу стигала хьалаваьккхира, цо неI туьйхира. Цуьнга хаьттира: «ХIара мила ву?» Цо жоп делира: «Джабраил ду». Цуьнга хаьттира: «Хьоьца верг мила ву?» Цо жоп делира: «Мухьаммад ву». Цуьнга хаьттира: «И вало дахийтина дарий хьо?» Цо жоп делира: «Дара». Цуьнга элира: «Марша вогIийла иза, ма дика вогIург веана-кх». Цунна неI йиллира; со чуваьлча, цигахь ИбрахIим вара. Джабраила элира: «ХIара хьан да ИбрахIим ву, цуьнга салам ло». Ас цуьнга салам делира, цо салам схьаийцира. ТIаккха цо элира: «Марша вогIийла, дика кIант а, дика Пайхамар а».**

**Цул тIаьхьа Сидратуль-мунтахIа олучу метте хьалаваьккхира со. Цигара стоьмаш, кхабанаш санна, даккхий дара, диттийн гIаш, пийлан лергаш санна, дара. Джабраила элира: «ХIара Сидратуль-мунтахIа олу меттиг ю». Цигахь диъ татол дара, ши татол – чохь, важа шиъ – арахь долуш. Аса хаьттира: «ХIорш хIун татолаш ду, хIай Джабраил?» Цо жоп делира: «Чохь долу шиъ – ялсаманин татолаш ду, арахь долу шиъ – Нил а, Ефрат а ду».**

**Цул тIаьхьа Байтуль-маIмур** (маликаш Iибадат ден цIа) **олучу метте вигира со, ас хаьттира: «ХIай Джабраил, хIара хIун меттиг ю?» Цо жоп делира: «ХIара Байтуль-маIмур олу меттиг ю, шена чу хIора дийнахь кхузткъе итт эзар малик доьдуш, цкъа оцу чуьра арадевлларш юха оцу чу а ца доьлхуш».**

**Цул тIаьхьа суна еара, шайна чохь малар, шура, моз долу пхьегIаш. Аса шура хаьржира, тIаккха соьга элира: «ХIара хьо а, хьан уммат а шена тIехь долу нийса дерг ду». Цул тIаьхьа суна тIедиллира**

дийнахь-бусий шовзткъе итт ламаз дар. Со вухавирзира. Муса-пайхамарна тIекхечира со, цо соьга хьаттира: «ХIун тIедиллина хьуна?» Ас элира: «ХIора дийнахь шовзткъе итт ламаз дар тIедилли суна». Мусас элира: «Хьан умматан ницкъ кхочур бац хIора дийнахь шовзткъе итт ламаз дан. Баккъалла а, ас Делах дуй буу хьуна, хьол хьалха нах зийна ас, Бану-Исраилаш сайн ницкъ ма-кхоччу нисбан гIиртина со. ВухагIуо хьо, хьайн умматна дайдар деха ахь Деле».

Со вухавахара, итт ламаз дIадаьккхира суна тIера. Мусана тIекхечира со, цо соьга хьалха аьлларг элира. Со вухавахара, кхин итт ламаз дIадаьккхира суна тIера. Мусана тIекхечира со, цо соьга хьалха аьлларг элира. Со вухавахара, кхин итт ламаз дIадаьккхира суна тIера. Мусана тIекхечира со, цо соьга хьалха аьлларг элира. Со вухавахара, кхин итт ламаз дIадаьккхира суна тIера, хIора дийнахь итт ламаз де аьлла, омра дира соьга. Мусана тIекхечира со, цо соьга хьалха аьлларг элира. Со вухавахара, хIора дийнахь пхи ламаз де аьлла, омра дира соьга.

Мусана тIекхечира со, цо соьга хьаттира: «ХIун тIедиллина хьуна?» Ас элира: «ХIора дийнахь пхи ламаз де аьлла, омра дина соьга». Мусас элира: «Хьан умматан ницкъ кхочур бац хIора дийнахь пхи ламаз дан. Баккъалла а, ас Делах дуй буу хьуна, хьол хьалха нах зийна ас, сайн ницкъ ма-кхоччу Бану-Исраилаш нисбан гIиртина со. ВухагIуо хьо, хьайн умматна дайдар деха ахь Деле. Ас элира: «Ас сайн Деле дийхира сайна эхьхетталц, бакъ-

**ду, со Цунна реза а, муьтIахь а ву. Со тIехваьлча, Кхойкхург кхайкхира соьга: «Аса Сайн фарз тIедиллар кхочушди, Сайн лешна дай а ди».**
*Бухари, Муслим.*

## Веллачо шех пайда оьцург

**1 – Веллачунна докъан ламаз дар.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«БIе гергга болчу бусалба наха шена докъан ламаз деш цхьа а велларг ма вац, цара цунна шапаIат доьхуш, уьш бахьанехь цунна шапаIат хуьлуш а бен».** *Муслим.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Бусалба нахах цхьана тобано шена докъан ламаз деш цхьа а велларг ма вац, уьш бахьанехь цунна шапаIат хуьлуш а бен».** *Насаи.*

**2 – Велла стаг дIавуллучу хенахь цуьнан коша уллохь дика нах охьаховшор** (велларг цхьалха ца витаран дуьхьа, эмкална урс а хьаькхна, цуьнан жижиг декъа оьшучу хенан барамехь). Iасан кIанта Iамра (Дела реза хуьлийла цунна) аьлларг ду цунна делил: **«Аша со дIавоьллича, сан коша уллохь совцалаш – эмкална урс хьаькхна, цуьнан жижиг декъа оьшучу хенан барамехь – шу бахьанехь ас сайн са а тедеш, сайна Дала дахкийтинчу геланчашна аса жоп муха ло со хьажархьама».** *Муслим.*

**3 – Велларг дIавоьллинчул тIаьхьа** (сихха), **цунна гечдар доьхуш, иза нийсачу жоьпехь сацавар доьхуш доIадар.** Iаффанан кIанта Iусмана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), ша стаг дIавоьл-

лина ваьлча, цунна тIе а хIуттий, олура, аьлла: **«Аша гечдар деха шайн вешина, цунна нийса жоп дала-рехь сацар деха, баккъалла, цуьнга хIинцца барт хоттуш бу».** *Абу Давуд.*

**4 – Веллачо ша дийна волуш делла лелаш долу сагIа а, цунах дисина пайден Iилма а, цунна доIа деш волу дика доьзалхо а.** Делан Элчано (Делера са-лам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Адам делча, цуьнан Iамал дIахедаш ю, кхо хIума доцург: лелаш долу сагIа, шех пайдаоьцу Iилма, цунна доIа деш волу дика доьзалхо а».** *Муслим.*

**5 – КIанта шен веллачу дена я нанна тIера сагIа далар.** Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, цхьана стага Пайхамар (Делера салам-маршалла хуь-лийла цунна) волчу веана, элира аьлла: **«ХIай Делан Элча, сан нана елла, цо весет а ца дина. Суна хета, шен йистхила аьтто баьллехьара, цо сагIа даккха аьлла, весет дийр дара, аьлла. Цунна тIера ас сагIа делча, цунна цуьнан мела хир буй?»** Цо жоп дели-ра: **«ХIаъ, хир бу».** *Бухари, Муслим.*

**6 – Кхиболчу бусалба наха цунна доIа дар а, гечдар дехар а.** Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Царал тIаьхьа баьхкинчара олу: «Везан Дела, гечделахь тхуна а, ийман диллина, тхол хьалха беллачу тхан вежаршна а».** *«Аль-Хьашр», 10.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Бусалба вежаршна а, йижаршна а гечдар дехначунна, хIора бусалба стеган а, зудчун**

**а цIарах дика яздо Дала».** *ТIабарани.*

**7 – Дуьнен чохь цо Делан новкъахь къахьегар.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«ХIора веллачу стеган Iамалийн тептар дIакъовлуш ду** (Делан новкъахь къахоьгуш хилла воцчун)**. Баккъалла а, цуьнан Iамал къематде кхаччалц дебаш лаьтта, кошан Iазапах маьрша а хуьлу иза».** *Тирмизи.*

## Кошан Iазапах хьалхавоккхуш дерг

**1 – Суратуль-Мулк** (Табарак) **дешар.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Табарак» цIе йолу сурат – иза ду кошан Iазап духатухуш дерг».** *Хьаким.*

**2 – ПIераскан дийнахь я пIераскан буса валар.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«ПIераскан дийнахь я пIераскан буса цхьа а бусалба стаг лийр вац, Веза-Сийлахьчу Дала кошан питанах иза хьалхавоккхуш а бен».** *Ахьмад, Тирмизи.*

**3 – Шен гена лазар деана валар.** Ясаран кIанта IабдуллахIа дийцина: **«Со а, Сурадан кIант Сулайман а, IурфутIатан кIант Халид а хевшина Iаш дара. Цара хьахийра гена лазар деана велла стаг, цаьршинна лиира иза дIавуллучарах шаьшшиъ хила. Цаьршиннах цхьамма вукхуьнга хаьттира: «Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **ца аьллера, гена лазар деана веллачунна кошан Iазап хир дац, аьлла?!»** Вукхо жоп делира: **«Аьллера цо». Кхечу риваятехь деана: «Бакълуьйш ву хьо».** *Ахьмад, Тирмизи.*

## **Бусалба стаг шена чохь веха де** *(дештӀаьхье)*

* ХӀора дийнахь Ӏуьйра ламаз жамӀатца маьждигехь деш вуй хьо?

* Дерриге ламазаш жамӀатца маьждигехь деш вуй хьо?

* Тахана Къуръана чуьра хӀумма дешний ахь?

* ХӀора ламазал тӀаьхьа тасбихь а, вирд а лардеш вуй хьо?

* Фарз ламазал хьалхара а, тӀаьхьара а суннат ламазаш лардеш вуй хьо?

* Тахана хьайн ламазашкахь Делах кхоьруш, айхьа доьшучун ойлаеш хиллий хьо?

* Валар а, каш а дагадеаний хьуна?

* Къематде, цуьнан халонаш, кхерамаш дагабаьхкиний хьуна?

* Деле хьой ялсамане вахийтар кхузза дехний ахь? Баккъалла а, Деле ша ялсамане вахийтар дехнарг милла велахь а, ялсаманино олу: «ХӀай сан Дела, ялсамане вахийтахь иза».

* Деле хьой жоьжахатин Ӏазапах хьалхавитар дехний ахь кхузза? Баккъалла а, Деле и дехнарг милла велахь а, жоьжахатино олу: «ХӀай сан Дела, жоьжахатих хьалхавитахь иза».

* Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьадисех хӀумма а дешний ахь?

* Вуочу накъосташна генавала ойла йиний ахь?

* Дуккха велар а, забаршъяр а дита хьаьжний хьо?

* Веза-Сийлахьчу Делах кхерарна тахана вилхиний хьо?

* Іуьйранна а, суьйранна а доьшу доІанаш дешний ахь?

* Тахана Деле хьайн къиношна гечдар дехний ахь?

* Хьайн дог динехь нисдар Деле дехний ахь?

* Дала доІина жоп лучу хенахь Деле доІадарх пайдаэцний ахь?

* Хьайна пайден долу бусалба дин дуьйцу жайна эцний ахь?

* Бусалба вежаршна а, йижаршна а гечдар дехний ахь? Баккъалла а, хІора стеган а, зудчун а цІарах хьуна дика яздеш ду, ахь царна гечдар дехча.

* Хьой бусалба кхолларна, Далла хастам биний ахь?

* Дала хьайна деллачу лерсина а, бІаьрсина а, хьекъална а, кхидолчу ниІматашна а Далла хастам биний ахь?

* Халонгахь болчу мискачу нахана тахана сагІа деллий ахь?

* Хьайн дегІан оьгІазло йитиний ахь, Делан дуьхьа бен оьгІаз ца ваха гІоьртиний хьо?

* Хьайн дегІаца йолу куралла а, дозалла а дитиний ахь?

* Делан дуьхьа хьайна везначу вешина зиярте ваханий хьо?

* Хьайн вежаршна а, лулахошна а, цаьрца уьйр йолчарна а хьехам биний ахь?

* Хьайн дена-нанна дика хиллий хьо?

* Хьайна халахетар хилча, Инна́ Лилла́хІи ва инна́ ИлайхІи ро́жиІу́н (Тхо Дала кхоьллина ду, тхо Цуьнга

доьрзур а ду) аьллий ахь?

* Тахана хIара доIа: «ХIай Везан-Дела, баккъалла а, Хьоьга сой Iалашвар доьху ас, хаа а хууш Хьоьца накъост лацарх; сайна ца хуучунна гечдар а доьху ас Хьоьга» диний ахь?

ХIара доIа динарг Дала ларвийр ву доккхачу, жимачу а ширках.

# Чулацам

**Дешхьалхе..............................................................................3**

*Хьалхара дакъа.* **Са схьаэцале хуьлуш дерг............5**

*ШолгIа дакъа.* **Валар тIедеача...................................7**

*КхоалгIа дакъа.* **Са дIаэцначул тIаьхьа хуьлуш дерг.........................................................................9**

*ДоьалгIа дакъа.* **Iесачу нехан догIмашна кошахь лур долу Iазап...........................................31**

*ПхоьалгIа дакъа.* **Iесачу нахана кошахь Iазап хуьлуьйтучу къинойх лаьцна........................35**

*ЙолхалгIа дакъа.* **Пайхамарш а** (Делера салам хуьлийла царна)**, церан кошан дахар а..........40**

*ВорхIалгIа дакъа.* **Веллачо шех пайда оьцург.........48**

*БорхIалгIа дакъа.* **Кошан Iазапах хьалхавоккхуш дерг..................................................51**

**Бусалба стаг шена чохь веха де** (ДештIаьхье)**……..52**

Организационное и методическое руководство
издательской деятельностью в ГАУ
«Телерадиокомпания «Путь» им. А. Кадырова
осуществляет его  директор А. С. Шахидов

Составитель – Хусайн Аль-Авайиса
Переводчик – Алиев Ахмед Бексултанович

Рецензенты – М. Эдихаджиев, С. Магамедов

Редактор – Асламбек Гайтукаев
Верстка – Саид-Магомед Тасуев

Подписано в печать 08.08.2019 г.
Тираж 100 экз.

Министерство Чеченской Республики
по национальной политике,
внешним связям, печати и информации

ГАУ ТРК «Путь» им. А. Кадырова